A EFESO. Kubva muna 31 kusvika 100. Kusvika parufu rwa Johani.

B SMIRNA. Kubva mugore ra 100 kusvika 323. Kusvika pakutendevuka kwa Constantine.

- Kereke ye Smyrna yaiva kereke yevaifira kutenda kwavo. Aninani wairamba kunamata mambo waisungwa ovurawa.
- Jesu haana kudononongodza utera chero mukereke iyi.Akapa yambiro yasimbisa maKristu kwemakore mazhinji: “Usatya… Uve wakatendeka kusvika parufu,ndigokupa korona yeupenyu.” (Zvakazarurwa 2:10)

C PERGAMO. Kubva mugore ra 323 kusvika 538. Kusvika Justinian apa huPapa samba rezvematongerwo enyika.

- Mambo anorarama akatanga kunamatwa muPergamo muna 29 BC. Chimwari Asklepios chainamatwa imomowo zvekare.
- Vamwe mukati me kereke vakadzidzisa kuti zvaiva izvo kuti vaite saizvozvo (Balaam nema Nicolaitans)
- Jesu akavapa mukana wekutendevuka. Kana vasaizo,vaizorangwa nemunondo wakapinza unobva mumuromo make.
- Simba reKereke rakadzikira padzidziso uye pamweya [pakati pesenjuri yechi 4 neyechi 6.Vaida chingwa cheupenyu (“manna yakavanzika”) sesuwo tinoida zvino.

D TIATIRA. Kubva mugore ra 538 kusvika 1517. Kusvika panguva ya Luther yerumutsiriro

- MuTiatira, vapfuri vaitovavo nechekuita mumapira emumatemberi evasingatendi kuti vagokwanisa kupinda mumaboka evapfuri.Vatungamiri veSangano vaikurudzira maKristu kuti vatsaukire zvishoma(vanonzi “Jezebel”).
- Munguva yeMiddle Ages, ruzhinji rwainge rusina kufunda rwaiita zvechinamato kwazvo (2:19), asi vatungamiri veSangano vakashaisha rutendo rwechiKristu. Muna 538 AD, humambo rwakavapa samba.Vakatsividza kuyananisa kwa Kristu nekuyananisa kwemunhu,vakadzidzisa kuti ruponeso rwaigona kutengwa kana kuwanikwa kubudikidza nemabasa.

E SARDISI. Kubva mugore ra 1517 kusvika 1798. Kusvika Papa asungwa.

- Muna 1517, Rumutsiriro rwakasimudza idi pamusoro zvakare.Nerombo rakaipa,pakati pa 1565 na 1740, kereke yainge yamutsiridzwa yakadzikira ikashaya upenyu chaiwo,ikangovawo kereke
- Jesu Kristu anodakuti tive vepamusoro pamweya uye tirambe titi pakutenda.Achatipa nguwo chena.

F FIRADHERFIA. Kubva mugore ra 1798 kusvika 1844. Kusvika pakupera kwemazuva 2,300.

- Pakava nerumutsiriro pakunamata pasi rose rwakatanga pakupera kwe senjuri yechi 18 rukaenderera kusvika pakati pe senjuri yechi 19.
- Hapana chakaipa chinotaurirwa sangano iri,asi “suwo rakazarurwa”,muono mutsva wezvokwadi zvemweya zve Senjuwari yeku Denga.
- Tinokurudzirwa kuti tichengete chatiinacho.Jesu uchaisa chimiro chake(Zita Rake)matiri,uye tichazorarama naye nokusingaperi.
- .

G RODHOKIYA. Kubva mugore ra 1844 kusvika… Kumagumo.

- VeRodhokiya vaiva vakapfuma nokuda kwokutenga nokutengeserana,shinda yavo yaikosha,nechizoro chameso chavo chechiFigiya. Paiva nechitubu chaibuda mvura inopisa pedyo neguta,paHierapolis. Mvura iyi yaiendeswa kuguta pachishandiswa chitakuramvura.
- Hapana chinonyorwa chakarurama pamusoro pekereke iyi.Jesu anoziva hupenyu hwemumwe nemumwe hwemweya uye anotikurudzira kuti tiwane kwaari chero chatinoda.
  - Ndarama: Kutenda (1 Petro 1:7)
  - Nguwo chena: Ruponeso nekururama (Isaya 61:10)
  - Chizoro chameso: Kunzwisisa zvemweya (VaEfeso 1:17-18)
- Anoramba achigogodza pamagonhi e mwoyo yedu.Tikamubvumidza kuti apinde torarama naye,tichagara naye pachigaro chake.

Mashoko aya anga kaitwa pahuviriviri senzira yechi Judha:Rekutanga ranga rakaiswa pamwe nerechinomwe,rechipiri pamwe nerechitanhatu,rechitatu pamwe nerechishanu,rechina range rakapetwa kairi(kuratidza nguva yakaomarara munhoroondo ye Sangano)



Shoko rimwe ne rimwe rakaitwa nenzira inoteera:

a) Jesu anoziviswa
b) Sangano rinoongororwa
    - ❖ Parakasimba
    - ❖ Parine utera
c) Yambiro
d) Rukoko uye chitsidzo (*)

(*) Ma kereke matatu ekutanga ane (1) rukoko kuti ateerere uye (2) chitsidzo.

Ma kereke mana ekugumisira ane (1) chitsidzo,uye (2) rukoko kuti ateerere.